


# Think!

## Make you no go fall maga

# Bad  pipo way wan collect your money plenty. Dem sabi disguise dey form legit. No fall for dem, make you T.H.I.N.K

**T – Take your time.**

If the matter nah about money or dem say make you invest money, no rush. No do anything till one day don pass.

**H – How you dey feel?**

If your body dey tortorri you, or e dey sweet you, or you dey fear say if you no do quick quick something go happen. Nah that time you need to calm down. Bad people dey like make people way dem wan scam to feel somehow, cos dem know say as dem dey feel somehow dem no go fit use their head.

**I – I too sabi go put you for trouble.**

No dey reason any matterway concern money on your own, carry am go meet person way you trust make you get advice. Our people talk say two good heads better pass one.

**N – No dey quick to believe.**

If person tell you something, no believe till you don check am. Use google and ask other people.

**K - Know the format way scammers dey use.**

If dem promise you plenti money, or dem try rush you,or if dem say you go miss out, run! Nah dem be dat.

NoGo FallMaga